



Pou Piblikasyon Imedya: 05/10/2017

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

## GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE OUVÈTI NOUVO SANT DAKÈY SOUTHERN TIER LA

*Renovasyon ki ap fèt nan Espas Arè sou Otowout I-81 nan Konte Broome lan gen ladan yon Pi Gran Etablisman Taste NY epi yo Rekonsantre Fokis Sant la sou Touris nan Rejyon Southern Tier la*

*Investisman an ap konplete “Southern Tier Soaring” – ki se estrateji global rejyon an pou revitalize kominote yo ak devlope ekonomi an*

Jodi a, Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse travay ki t ap fèt nan Sant Dakèy Southern Tier (Southern Tier Welcome Center) modèn depwent ki nan espas arè sou Otowout I-81 anvè lenò nan Kirkwood, Konte Broome lan, ki sitiye apeprè 3.2 kilomèt onò liy fwontyè eta Pennsylvania a, fini. Pandan l ap ajoute sou siksè Sant Dakèy Long Island lan, ki te ouvri pòt li an otòn ki sot pase a, Sant Dakèy Southern Tier la yo sot modènize a pral ankouraje vwayajè yo vizite nouvo destinasyon touris ki gen atravè tout eta a ak rejyon an yo, epi pwomouvwa pwodwi alimantè ak bwason ki gen kalib mondyal New York la yo nan yon etablisman Taste NY k ap pi laj. Pwojè renovasyon an ap konplemanje inisyativ “Southern Tier Soaring” lan, ki se yon investisman milti milya dola k ap fèt nan rejyon an pou sipòte kwasans ekonomik ak kominotè.

“Rejyon Southern Tier la se yon pyè presye nan New York epi nouvo Sant Dakèy sa a pral ede estimile touris nan rejyon an pandan l ap sipòte endistri pwodwi alimantè ak bwason dinamik eta a”, **Gouvènè Cuomo te deklare.** “Sant sa a ap ekspeze destinasyon ki gen kalib mondyal ki nan rejyon an yo, epi mwen ankouraje vizitè yo k ap soti lwen tankou sa k ap soti pre yo pou yo vin dekouvri aktivite inik ki gen pou moun fè ak wè nan rejyon Southern Tier la.”

“Antanke yon pòt dantre pou New York lè w ap soti Pennsylvania, Sant Dakèy la pral founi yon sèvis bay vwayajè k ap soti lwen nan sid tankou Tennessee, epi ki prale nan destinasyon nò ki lwen tankou Canada, epi mwen vle asire vwayajè sa yo kanpe pou yo tcheke tout sa New York gen pou l ofri yo”, **Gouvènè Adjwen Kathy Hochul, ki te patisipe nan seremoni koupe riban an jodi a, te di.** “Sant Dakèy Southern Tier la prezante yon opòtinite pafè pou pwomouvwa eta nou an, touris ak pi enpòtan ankò - pote plis djòb nan rejyon Southern Tier la.”

Sant Dakèy la, yo te renove l pou la dènyè fwa an 1995 lan, vin yon etablisman ki pi laj, pi modèn kounye a, epi yo meble l ak nouvo espas pou jiska 60 moun chita, estasyon

pou chaje machin elektrik yo, yon espas pou timoun jwe ki fèt sou tèm regalat an kano, yon espas pou pake moto, yon Ale Selebrite ki sot nan Rejyon Southern Tier la yo, mi pou fè selfie ak filme videyo, yon galri atizay pou ekspoze objè istorik yo jwenn nan rejyon an yo, yon espas konfò pou bèt domestik yo, yon gran eskilti I LOVE NEW YORK alechèl grandè nati. Konsepsyon ak ekspozisyon, soti nan machin ki konn fè kous ki nan antre a, Watkins Glen International te bay, yon eskilti an glas yo pandye Mize Glas Corning lan (Corning Museum of Glass) te prete a, rive nan espas sou tèm karousèl pou moun chita, k ap mete aksan sou bote ak bann seri atraksyon ki gen nan rejyon Southern Tier la yo.

Nouvo Sant Dakèy amelyore ki mezire 13,825 pye kare a, ap prèske 2,500 pi laj pase etablisman ki te la avan. Amelyorasyon ki te fèt nan nouvo Sant Dakèy la yo gen ladan, yon etablisman Taste NY ki pi laj, ki pral ofri yon eksperyans inik pou kliyan an yo avèk yon bann seri pwodwi ki fabrike nan rejyon an y ap fè piblisite pou yo. Espas Taste NY ki te la avan te gen espas pou sèlman twa a kat moun chita, alòske nouvo espas la ka kenbe 16 moun.

Kounye a, vwayajè yo pral ka goute pwodwi alimantè ak bwason yo fabrike onivo lokal ki soti nan rejyon, tankou sandwich Spiedies, paninis, ak soup ak salad ki gen renonmen nan rejyon Southern Tier la yo, ansanm ak yon bann seri opsyon goute ak opsyon a anpòte yo, tankou fwi sèch, vyann sèch, chip, nwa, pwodwi patisri san gliten, ak bwason a baz kafe espesyalize yo roti onivo lokal yo ap ofri atravè distribitè otomatik modèn depwent yo. Espas Taste NY la pral gen panorama pitorèsk ki bay sou rejyon Southern Tier la.

Yon nouvo espas pou kyòsk yo ki gen senk aplikasyon entèaktif k ap pèmèt vwayajè yo eksplòre tout sa rejyon Southern Tier la ak Eta New York gen pou yo ofri yo. Vizitè yo ka pran yon tès pou yo detèmine ki tip atraksyon yo ta ka renmen jwi, epi resevwa yon itinerè pèsonalize pa imèl. Nan yon lòt kyòsk, vwayajè yo ka planifye yon wout soti nan atraksyon ale nan lòt atraksyon, epi teste konesans yo sou divès sijè sou Eta New York la. Yon televizyon gran ekran pral montre pwen fò sit ak lokalite rejyonal touristik yo.

**Komisyone Depatman Transpò Eta (Department of Transportation, DOT), Cathy Calhoun, te di konsa,** Sant Dakèy Southern Tier la yo te renove a ofri vwayajè yo yon kote ki pi an sekirite, ki pi pratik pou yo repoze yo pandan y ap vwayaje, epi l ap mete aksan sou endistri touris ak agrikòl solid ki gen nan Southern Tier la yo. Nou fyè pou nou ede reyalize vizyon Gouvènè Cuomo genyen pou tout Eta New York la gen Sant Dakèy ki gen kalib mondyal.”

**Komisyone Agrikilti Eta a (State Agriculture), Richard A. Ball, te deklare,** “Nouvo etablisman Taste NY yo agrandi nan Sant Dakèy Southern Tier la ap pwomouvwa pi meye pwodwi alimantè ak bwason Eta a yo bay vwayajè k ap chache eksplòre epi fè yon ‘goute’ rejyon an. Lè nou entwodwi vizitè yo a yon menm pi gwo seleksyon pwodwi lokal inik yo, nou ap ede pwomouvwa agrikiltè ak pwodiktè nou yo epi ankouraje touris agrikòl toupatou atravè rejyon Southern Tier la. Mwen remèsye Gouvènè Cuomo pou angajman l pran pou l ranfòse ekonomi rejyonal New York la yo atravè Sant Dakèy sa yo.”

**Prezidan, Direktè Egzekitif Jeneral ak Komisyonè Empire State Development Howard Zemsky te deklare,** “Anba Gouvènè Cuomo, touris nan Eta New York la te vin tounen yon endistri ki vo 100 milya dola, k ap sipòte ekonomi lokal yo ak kreyasyon djòb toupatou atravè eta a. Sant Dakèy Southern Tier la pral plis fè vanse efò sa yo lè yo mete aksan sou resous touristik rejyonal ki gen toupatou atravè zòn lan yo.”

Nan kad pwojè sa a, yo te modènize bilding espas arè ki la deja ak espas ozalantou li yo, ansanm ak sistèm plonbri, chofaj, vantilasyon, sistèm lè klimatize ak sistèm elektrik yo.

Depi lè li te antre an fonksyon an 2011, Gouvènè Cuomo fè investisman san presedan nan endistri touris atravè tout Eta New York la, sa k ap atire yon kantite vizitè ak depans dirèk istorik. An 2016, New York te akeyi yon rekò 239 milyon vizitè ki te depanse prèske 65 milya dola ki jenere yon enpak ekonomik ki plis pase 100 milya dola ototal pou yon twazyèm ane deswit. Anplis de sa, endistri touris la se katriyèm pi gran anplwayè nan eta a, k ap sipòte plis pase 914,000 djòb chak ane.

**Senatè Fred Akshar te di,** “Jodi a se prèyè ki montre kominote nou an selebre istwa rich nou an epi nou toujou kontinye travay ansanm, kèlkeswa apatenans politik nou pou nou ka rete Vale Opòtinite (Valley of Opportunity) pou moun kèlkeswa orijin, ras, relijyon, ak kwayans yo. Tout moun ta dwe konnen Pòtay sa a plis pase yon arè pou repo, se yon selebrasyon kilti, istwa ak selebrasyon moun nan rejyon Southern Tier ki te fòme kominote nou an pou l ka vin yon kote nou renmen anpil konsa jodi a.”

**Senatè Tom O’Mara te deklare,** “Nouvo Sant Dakèy Southern Tier la, se yon etablisman modèn ki merite atraksyon natirèl ak touristik pwometè rejyon nou an yo. Nou rekonesan paske l ap ekspeze tout sa rejyon Southern Tier la gen pou l ofri bay vwayajè k ap soti lwen tankou sa k ap soti pre yo.”

**Manm Asanble Donna Lupardo te di,** Sant Dakèy Southern Tier la se premye arè pou anpil santèn milye vwayajè k ap antre nan New York. Mwen kontan anpil yo pral kapab aprann plis sou destinasyon pwometè ki gen nan kominote nou an yo ak pi lwen ankò, epi yo ap ka goute bon jan manje ak bwason ki fabrike nan rejyon an yo. Mwen apresye angajman Gouvènè a kontinye pran anvè devlopman endistri touris, pwodwi alimantè ak bwason New York la yo.”

**Chèf Egzekitif Konte Broome Jason Garnar te deklare,** “Pou tout moun k ap monte sou otowout 81 lan vè lenò, Konte Broome lan se pwent entwodiksyon yo nan Eta New York la. Nou ap ankouraje anpil milye moun k ap kondi al nan Konte Broome lan chak jou yo pou yo kanpe pou wè kisa nou gen pou n ofri yo.”

**Victoria Giarratano, ki se Direktè, Cornell Cooperative Extension nan Konte Broome lan, te di,** “Sant Dakèy la ap ekspeze vwayajè yo a pwodwi agrikòl ki kiltive onivo lokal yo epi l ap mete aksan sou ti biznis ki soti nan rejyon Eta New York la yo. Enpak ekonomik ki te gen kòm rezilta pwogram Taste NY la te kreye kwasans pou biznis ak dirabilite pou ti biznis ak agrikiltè lokal yo.”

**Akselere “Southern Tier Soaring”**

Anons jodi a vin konplemanste pwojè “Southern Tier Soaring”, ki se plan direktè global rejyon an pou jenere kwasans ekonomik ki djanm ansanm ak devlopman kominote a. Eta te deja investi plis pase 4.6 milya dola nan rejyon an depi 2012 jete baz pou plan – atire fòs travay ki gen talan, devlopman biznis epi pwomouvwa inovasyon. Jounen jodi a, chomaj la desann nan pi ba nivo li depi anvan Gran Resesyon an; taks sou revni pèsonèl ak taks sou antrepriz yo bese; epi biznis yo ap chwazi zòn tankou Binghamton, Johnson City ak Corning kòm destinasyon pou devlope epi investi. Koulye a, rejyon an ap akselere siksè “Southern Tier Soaring” ak yon envestisman eta 500 milyon dola atravè Inisyativ Revitalizasyon Rejyon Nò Eta la (Upstate Revitalization Initiative), jan Gouvènè Cuomo te anonse li a an Desanm 2015. Investisman 500 milyon dola eta a ap ensite biznis prive yo investi plis pase 2.5 milya dola – e plan rejyon an, jan li soumèt la gen pwojè pou plis pase 10,200 nouvo djòb. Gen plis enfòmasyon ki disponib [isit la](#).

Swiv DOT Eta New York sou Twitter: [@NYSDOT](#). Jwenn nou sou Facebook nan [facebook.com/NYSDOT](#).

###

W'ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb [www.governor.ny.gov](#)  
Eta New York | Chanm Ekzekitif | [press.office@exec.ny.gov](#) | 518.474.8418